



# Geni de Tou lè Jou

## Demantibile

### Kisa ke ou bezwen:

- Yon bagay ke ou kapab demantibile! Sa kapab yon ansyen elektronik tankou yon VCR oubyen yon ansyen telefòn oubyen radyo kasèt, oubyen yon klavye ou pa bezwen ankò. Pou sekirite fè an sòt ke ou retire batri yo, evite bagay ki an glas, e toujou mete bagay pou pwoteje je'w.\*
- Zouti! Ou pa bezwen tout bagay sa yo men, men zouti ke bou jwenn ki kapab ede pou la plipa pwojè demantibilite:
  - Tounvis etwal
  - Tounvis plat
  - Pens
  - Ti ba ak akwòch
  - Koupè fil
  - Flach

\*Ou dwe mete Linèt oubyen lòt pwoteksyon pou je lè w'ap sèvi ak okenn zouti.

### Bagay pou panse ak yo:

- Eske yon zouti pi fasil pou sèvi ke yon lòt?
- Eske gen pati ke ou rekonèt? Bagay tankou anrenaj, fil, oubyen elastik an fè nan aparèy lan.
- Ki pati ki konekte? Kijan ke yo konekte?
- Si ou gen plis ke yon aparèy pou demantibile, chache pati ak pyès ki menm jan nan teknoloji an. Eske yon VCR gen menm bagay ladan'l konpare a yon telefòn a kòd?
- Kijan ke yon aparèy konpare a yon pi no vèsyon de tèt li? Yon egzanp de kijan yon ansyen telefòn konpare a yon nouvo? Eske ou panse ke menm pyès andedan li?
- Finalman, si ou vle yon defi ekstra ou kapab eseye remete li ansanm!

*Fè an sòt ke ou byen resikle okenn aparèy elektronik lè ou fini.  
Cheke yon kote lokal oubyen yon vil pou pwogram resiklaj.*

### Kisa pou fè:

Ouvri bagay ou an! Yon bon premye etap se pou chache okenn klou ki kenbe aparèy la ansanm. Epi, ou kapab idantifye zouti korèk lan pou sitiyasyon an. Demantibile yon bagay kapab pran tan, se yon bon opòtinite pou kapab pratike kijan pou byen sèvi ak yon zouti. Sonje, "devise a goch" e "vise a dwat" ak vis yo.

